# Mashina qurılısın rawajlandırıw rejeleri tanıstırıldı

**Image not found or type unknown**

Prezident Shavkat Mirziyoev 14-aprel kúni awıl xojalıǵı mashina qurılısı klasterin rawajlandırıw rejeleriniń prezentaciyası menen tanıstı.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 31-iyuldegi qararına muwapıq, awıl xojalıǵı texnikaların islep shıǵarıw hám satıp alıwdı mámleket tárepinen qollap-quwatlaw boyınsha jańa sistema jaratılǵan edi. Bul óziniń nátiyjelerin berip, fermer hám diyqanlar ónimdar texnikalarǵa iye bolmaqta. Sonıń ishinde, bıyıl birinshi sherektiń ózinde 1 mıń 600 texnika ushın 23 milliard sum subsidiya ajıratıldı.

Modernizaciya nátiyjesinde 2021-jılı traktorlardıń ózine túser bahası 4 mıń 600 dollarǵa arzanlastırılǵan. Házirgi waqıtta, aldın zıyan menen islegen tarmaq kárxanaları paydaǵa shıqqan.

Tarawdı sanaat klasteri usılında rawajlandırıw maqsetinde Shırshıq awıl xojalıǵı mashina qurılısı klasteri shólkemlestirilmekte. Házirgi kúnde ol jerge burınǵı «Texnolog» hám «Agregat» zavodlarınıń úskeneleri tolıq kóshirilgen.

Prezentaciyada usınday jumıslar hám gezektegi rejeler kórip shıǵıldı.

Image not found or type unknown

-Awıl xojalıǵı mashina qurılısı – úlken hám áhmiyetli tarmaq. Bul zúráátliktiń joqarılıǵı, azıq-awqat qáwipsizligi menen baylanıslı másele. Zamanagóy texnikalar islep shıǵarıwdı ózlestiriw, sapa hám xızmet kózqarasınan sheshiletuǵın jumıslar kóp,-dedi Shavkat Mirziyoev.

Bul jumıslardı sistemalı alıp barıw ushın Bas ministrdiń basshılıǵında awıl xojalıǵı mashina qurılısı máseleleri boyınsha komissiya dúziliwi belgilendi.

Bárinen burın, Shırshıqtaǵı klasterge kóshirilgen quwatlıqlar tiykarında kultivator, seyalka, kosilka, chizel, borona islep shıǵarıwdı baslaw zárúr ekenligi atap ótildi. Sonday-aq, Tashkent traktor zavodın da kóshirip, klasterdi 2023-jıl yanvardan tolıq iske qosıw

wazıypası qoyıldı. Oǵan shekem agroklasterler hám fermerlerdiń talabın úyrenip, anıq buyırtpalardı qáliplestiriw zárúr ekenligi aytıldı.

Házirgi kúnde jerdi lazer arqalı tegislew texnikalarına talap joqarı. Sonıń ushın, juwapkerlerge sonday texnika islep shıǵarıwdı jolǵa qoyıw tapsırıldı. Gónergen traktorlardan tolıq waz keship, jańa milliy traktor modelin jaratıw boyınsha kórsetpe berildi.

Image not found or type unknown

Paxtanı kombaynda teriw úlesi usı jılı 35 procentke, 2023-jılı bolsa 50 procentke jetkeriliwi atap ótildi.

Jıldıń aqırına shekem Ándijanda metall quyıw zavodın iske qosıp jáne 90 túrdegi komplektlewshi bóleklerdi lokalizaciyalastırıp, texnikalardıń ózine túser bahasın keminde 12 procentke azaytıw múmkin ekenligi kórsetip ótildi.

Diyqan hám fermerlerdi oylandıratuǵın máselelerden jáne biri – texnika buzılsa, onı jańalaw, awısıq bólekler tabıw hám ońlaw. Sonıń ushın Prezidentimiz mashina qurılısında sawda hám servis xızmetlerin kórsetiw boyınsha bir pútin sistema jaratıw, 14 aymaqta servis orayı hám 100 mobil toparlar shólkemlestiriw zárúr ekenligin atap ótti.

Jańa texnikalar, ulıwma, awıl xojalıǵı mexanizaciyası boyınsha qánigelerdi oqıtıw boyınsha da wazıypalar belgilendi.

ÓzA